

Jurnal Baradha

Baradha Jurnal

PANEMBAH SAJRONE NASKAH ASRARUS SHALAT : LARASING ISI SARTA PANGGUNANING BASA

Nahdiyah

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (nadiaunesa@gmail.com)

Abstrak

Naskah mujudake sawijining seratan tangan nganggo aksara tartamtu kang isine ngenani pamikire panyerat. Anane panliten kanthi objek naskah bisa migunani tumrap bebrayan umum kang pengin ngertenis sine naskah, marga luwih gampang yen mangertenis sine naskah kang wis diteliti, lan wis awujud seratan latin. Salah sawijine cara kango neliti naskah yaiku kanthi migunakake ilmu filologi.

Ancasing panliten iki yaiku (1) Mangertenis wujud studi kritis teks saka naskah *Asrarus Sholat*. (2) Mangertenis babagan panembah (ibadah) sajrone teks Jawa Islam kang arupa naskah *Asrarus Sholat*. (3) Mangertenis larasing isi teks *Asrarus Sholat* karo kitab Mabadi' lan buku Fiqih Islam.

Metode kang di gunakake sajrone panliten iki yaiku metode deskriptif kualitatif lan deskriptif komparatif, metode kualitatif digunakake kanggo njentrake isi saka naskah lan metode komparatif digunakake kanggo bandingake lan nglarasake isi naskah karo kitab Mabadi' lan buku Fiqih Islam.

Asil saka bandingake lan nglarasake marang Kitab Mabadi lan buku Fiqih Islam mau nuduhake yen sajrone ngandharake tata cara shalat ana kang beda, kayata dunga kang diucap ana kang diambil ping telu ana kang mung pisan. Bab kasebut dijalari amarga madzhab kang dianut beda-beda.

Panggunane basa sajrone naskah Asrarus Sholat nggunakake maneka werna ragam basa. Ragam basa Jawa ngoko, Krama, Dialek, uga nggunakake ragam basa campuran (Jawa – Arab). Pamilihe tembung kang khas sajrone naskah asrarus shalat yaiku tembung-tembung kena tambahe swara ing wiwitane tembung kang ora nganti ngowahi surasane tembung (protesis). uga sudane swara ing wiwitane tembung kang ora nganti ngowahi surasane tembung (aferesis).

A. PURWAKA

Naskah mujudake sawijining seratan tangan nganggo aksara tartamtu kang isine ngenani pamikire panyerat. Katitik saka isine, naskah bisa arupa prosa utawa puisi. Basa kang digunakake maneka werna, ana kang migunakake basa Jawa kuna, basa Jawa pertengahan, lan uga basa Jawa anyar. Kejaba iku aksara kang digunakake uga maneka werna ana kang gunakake askara Jawa, aksara Jawa – Bali, aksara Arab pegon lan uga aksara latin. Wujude naskah, ana kang diserat ing kertas utawa daluwang uga ana kang ditulis ing lontar.

Anane panliten kanthi objek naskah bisa migunani tumrap bebrayan umum kang pengin ngertenis sine naskah, marga luwih gampang yen mangertenis sine naskah kang wis diteliti, lan wis awujud seratan latin. Salah sawijine cara kango neliti naskah yaiku kanthi migunakake ilmu filologi. Miturut Baried (1994:2) filologi tegese kawruh kang dibutuhake kanggo mengertenis isi kang kinandhut sajrone tulisan lawas utawa naskah.

Lumantar konsep mau naskah kang awujud tulisan bisa diselametake. Ewa semono, proses panliten iki merlokake wektu kang suwe, kaya kang wis diandharake mau naskah lawas biasane nggunake aksara kang ora sembarang pawongan bisa mangertenis. Mula anggone bisa ngertenis sine naskah kudu lumantar proses-psroses kayata; inventarisasi naskah, deskripsi naskah, alih basa, alih aksara,

transkripsi, transliterasi lan ngaji isi saka naskah kasebut. Lumantar proses-proses kasebut panliten tumeka marang proses edisi ilmiah teks.

Purnomo (2013: 50-53) ngandharake yen edisi ilmiah teks mujudake terbitan saka sawijining teks (karya sastra) kang ana sajrone naskah-naskah tartamtu, kanthi nggatekake lan lumantar studi ilmiah tartamtu sajrone pamarekan filologis. Metode-metode kang digunakake nerbitake teks sajrone prepektif edisi ilmiah gumantung kabutuhan, lan gumantung objek kang digunakake, metode-metode kasebut kayata: 1) Metode Naskah Tunggal. 2) Metode Intuitif. 3) Metode Sintesis. 4) Metode Lengger lan, 5) Metode Lachmaan (objektif).

Naskah minangka sawijining karya sastra lawas miturut Purnomo (2011:20), kaperang sacara periodik miturut jaman sastra sistem puitikane, kayata: Sastra Jawa Kuna, Sastra Jawa Madya utawa Pertengahan, lan Sastra Jawa Anyar. Wondene Sastra Jawa Anyar kaperang maneh dadi rong kelompok yaiku sastra kalsik lan sastra pesisiran. Sastra Jawa klasik ngrembaka ing kraton nengenake babagan pitutur, wondene sastra Jawa pesisiran ngrembaka ing daerah pesisiran lan nengenake babagan piwulang agama islam.

Salah sawijine tulisan kang arupa piwulang agama yaiku naskah *Asrarus Sholat* kang uga ditulis kanthi aksara Arab Pegon. Naskah *Asrarus Sholat* iki disimpan ing museum Mpu Tantular Jl. Raya



kopian saka NAS, naskah kang asli isih kasimpen ing museum Mpu Tantular Jl. Raya Buduran – Jembatan Layang, Sidoarjo, Jawa Timur.

1.6 Wujud Naskah

Wujud saka NAS iki yaiku seratan tangan kang kaserat ing daluwang, arupa gancaran, saben sakaca kasusun saka 6 pada, ukarane arupa aksara Arab lan mawa basa Arab, lan ing ngisore ana kang diarani makna gandul kang arupa aksara arab pegon mawa basa Jawa. Naskah kang diteliti arupa kopian saka naskah asli kang kasimpen ing museum Mpu Tantular Jl. Raya Buduran – Jembatan Layang, Sidoarjo, Jawa Timur kanthi nomer inventaris 07.278M.

1.7 Tulisan Naskah

Tulisan NAS iki arupa aksara Arab mawa basa Arab lan aksara arab pegon mawa basa Jawa. Tulisan naskah ditulis ing kertas kang rada kandhel, warnane rada coklat tulisan askara Arab lumayan gedhe, aksara arab Pegon minangka makna utawa terjemahan saka tulisan Arab mau ditulis luwih cilik. Saperangan tulisan ora jelas merga kang dadi objek panliten ini arupa kopiane NAS, naskah kang asli isih kasimpen ing museum Mpu Tantular Jl. Raya Buduran – Jembatan Layang, Sidoarjo, Jawa Timur.

1.8 Basaning Naskah

Basa kang digunakake ing naskah AS iki migunakake basa Arab lan basa Jawa kang di tulis ing aksara arab pegon. Saliyane basa Jawa kang baku, sajrone naskah AS iki uga ana kang nggunakake dialek.

1) Basa Arab

Basa arab sajrone NAS iki minangka isi pokok saben kaca kasusun saka 6 pada, kaya pedhotan ing ngisor iki:

Assholata tanha anil fakhshya'a'I
Wanniyatu biqoshdi ada'i
Fardhi wal imtiitali
Li awaamirillahi qod dzakarotuha
Min af'aali makhsushotin
Wattakbiru bitaqdimillaahi ta'ala

saliyane pedhotan iku saben kaca saka saka NAS iki nggunakake basa Arab kang nisore diwensi makna per tembung nggunakake basa Jawa. Panggunanane basa Arab sajrone NAS iki minangka basa kang dominan.

2) Basa Jawa

Basa Jawa sajrone NAS iki minangka makna gandul sangisore basa Arab mau, basa Jawa katulis mawa aksara arab pegon, saben satembung dimaknani nganggo basa Jawa, dadi anggone ngertené makna saben sapada perlu ngrakit tembung-tembung mau supaya dadi makna kang pener. Kaya pedhotan ing ngisor iki:

Tegese anembah amba ing tuan ing saben-saben
Nalika lan ing saben-saben wektu lan ing tuan
Anjalukan tulung tegese anjalukan tulung amba ing tuan

*Ing dalem sekabehane hajat lan pangabekti
Muga aweh tuduh tuan ing amba ing dalam bener
Tegese muga netepaken tuan ing amba ing atase
dalam*

pedhotan kasebut nuduhake yen basa Jawa digunakake minangka makna saka tembung basa Arab kang di maknani tembung baka tembung, kaya larik kapindho “*Nalika lan ing saben-saben wektu lan ing tuan*” pangguanane tembung “*nalika*” kang diterusake tembung “*lan*” ora baku yen dadi kalimat, mula anggone ngertené makna kanthi utuh kudu ngrakit tembung-tembung mau supaya dadi makna kang pener.

3) Basa Dialek

Saliyane basa Arab lan basa Jawa sajrone NAS iki uga ana basa Dialek, nanging ora saben kaca ana basa dialek mung saperangan wae, kaya pedhotan iki:

Minal qiroati wal af'aali
Bayane saking wewacane lan saking penggawene
Min af'aali makhsushotin
Bayane saking pengaweyan kang tartamtu
Minal adzkaari wadda'waati
Bayane saking sekabehe panebut lan sekabehe dungo-dungo
Minassana'I wal bashori wa
Bayane saking pamyarsa lan peningal lan
Bimaa syahidallahu minannafyi
Ing barang kang amekseni Allah bayane saking nafi
Minal ayaati wal ikhbaari
Bayane saking sekabehe ayat lan hadist
Fil qur'aani minal ayaati
Ing dalem qur'an bayane saking sekabehe ayat

Tembung “*Bayane*” asale saka tembung “*Al Bayan*” saka basa Arab kang duweni makna “*Pituduh*”, tembung kasebut minangka tembung tambahan, kang dadi ciri khas anggone ngandharake isi sajrone NAS. Saking pangirane panliten tembung kasebut minangka dialek saka panulise NAS. Tembung “*bayane*” kerep digunakake sajrone budaya pesantren, anggone maknane kitab kuning para kiyai utawa ustad kerep nggunakake tembung kasebut.

2. Suntingan Teks

2.1 Lelandhesane Suntingan Teks

Lelandhesan kang digunakake kanggo nyunting teks kang arupa aksa lan tanda utawa bab-bab kang kurang cetha bakal diandharake ing ngisor iki:

- 1) Tembung kang di tulis kandel minangka transliterasi saka basa arab.
- 2) Tembung kang di tulis miring minangka transliterasi saka arab pegon
- 3) Tandha kang digunakake sajrone nyunting teks: _____ (*underline*) kanggo tembung kang bakal diwenehi komentar